

# FEMA pou bay Lojman Tanporè Dirèk nan 4 Konte Florid

Release Date: October 26, 2022

**TALLAHASSEE** – Sou demann Gouvènè Ron DeSantis, FEMA pral bay sivivan Siklòn lan ki elijib yo lojman tanporè nan konte Charlotte, Collier, DeSoto ak Lee.

FEMA te apwouve Asistans Lojman Tanporè Dirèk pou bay opsyon pou moun ki gen kay yo pa kapab abite akòz siklòn nan. FEMA te detèmine ke asistans pou lokasyon pa ase pou satisfè bezwen lojman nan konte sa yo paske yo pa gen resous lojman ki disponib.

"Ofisyé Kowòdinasyon Federal Tom McCool di, "FEMA pran angajman pou l ede sivivan Siklòn lan yo jwenn yon do kay ki an sekirite pou yo rekòmanse rekiperasyon yo pi vit posib. "Pou ede fanmi sa yo, FEMA ap bay trelè vwayaj ak pi gwo inite lojman manifikture pou kay ki elijib nan kat konte: Charlotte, Collier, DeSoto ak Lee.

"Malgre misyon lojman dirèk FEMA a se sèlman yon solisyon tanporè, ekip nou an rete angaje pou ede sivivan yo jwenn lojman ki pi byen adapte ak bezwen yo. Avèk lidè gouvènman lokal yo ap bati yon vizyon pataje pou lavni, FEMA ak fanmi federal la pral travay 24 sou 24 pou ede yo reyalize li."

FEMA pral notifye aplikan ki elijib pou lojman dirèk. Li pral pran tan pou transpòte, pèmèt, enstale ak enspekte inite sa yo anvan yo disponib.

## Pwogram Lojman Dirèk la bay twa opsyon prensipal

- **Lwaye ak Reparasyon pou plizyè fanmi**, kote FEMA antre nan yon kontra lwaye ak pwopriyetè pwopriyete lwaye pou plizyè fanmi (twa oswa plis inite) epi fè reparasyon pou bay aplikan yo lojman tanporè.
- **Init Lojman Tanporè Transpòtab** tankou yon trelè vwayaj oswa kay manifikture.
- **Direct Lease**, ki se lwe lojman ki déjà egziste ki pare pou lokasyon.



**FEMA**

Page 1 of 2

Yo ka bay Asistans Lojman Tanporè Dirèk pou jiska 18 mwa apati 29 septanm 2022, dat deklarasyon federal katastwòf la, pou rive 28 mas 2024.

Lojman tanporè dirèk pran anpil tan pou aplike epi li pa yon solisyon imedya pou bezwen lojman pwovizwa ak alontèm yon sivivan. Anplis de sa, se pa tout moun ki afekte nan katastwòf la ap kalifye pou lojman dirèk. Li enpòtan pou patnè nan tout nivo – lokal, eta, lòt federal, san bi likratif ak sektè prive – travay ansanm pou ranpli nenpòt twou vid.

Anplis lojman dirèk, FEMA ap bay asistans pou lokasyon, sejou nan otèl, asistans pou reparasyon kay ak ranbousman tanporè pou aplikan ki elijib yo.

Sivivan ki te aplike nan FEMA pou asistans pa bezwen re-aplike pou yo kalifye pou asistans lojman tanporè dirèk. Pou aplike, ale sou Entènèt [DisasterAssistance.gov](https://DisasterAssistance.gov), itilize aplikasyon [FEMA pou telefòn entèlajan](https://FEMA.poutelefonentelijan) oswa rele 800-621-3362. Èd la disponib nan pifò lang. Si ou ap itilize yon sèvis relè, tankou sèvis relè videoyo (VRS), sèvis telefòn ki gen soutit oswa lòt, bay FEMA nimewo pou sèvis sa a. Liy yo louvri soti 7 a.m. rive 11 p.m. sèt jou pa semèn.



**FEMA**

Page 2 of 2